

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Kabudayaan anu mekar di Indonesia euyeub ku ajén-inajén anu kacida luhungna, sarta kudu dimumulé ku sakabéh wargana. Ku sabab, euyeub ku ajén-inajén anu luhung sawadina kudu bisa dijadikeun padika hirup kumbuh hiji masarakat, saperti ajén-inajén mikahormat atawa ngajaga jeung ngariksa titinggal karuhun, ajén-inajén réligi, ajén-inajén silaturahmi, ajén-inajén étika, ajén-inajén gotong royong, jeung sajabana.

Jawa Barat salah sahiji provinsi nu aya di Indonesia beunghar ku rupa-rupa budaya. Budaya nu lahir tur mekar di Jawa Barat dijadikeun salah sahiji akar kabudayaan nasional. Sabab, kabudayaan-kabudayaan lokal éta mangrupa idéntitas hiji bangsa. Idéntitas budaya lain nyampak dina benda-benda budaya éta tapi cara gawéna, cara mikirna, cara ngawangun ma'na kana benda-benda budaya, ti jaman ka jaman (Sumardjo, 2015, kc. 5).

Budaya nu nyampak di tatar Sunda saluyu jeung kaayaan alamna, sarta saluyu ogé jeung kaayaan masarakatna. Kaayaan masarakat tatar Sunda ieu téh kagambar saperti upacara-upacara tradisina. Upacara tradisi di tatar Sunda patali jeung rasa sukur ka Pangéran, ménta kasalametan jeung kabagjaan ka Pangéran, sarta ngahormat karuhun. Contona upacara tradisi Ruwatan Bumi, Bubur Syuro, Tujuh Bulanan, Rebo Wekasan, jeung sajabana. Hal ieu ngagambarkeun yén masarakat Sunda masarakat nu religius. Kagiatan tradisi nu dilakukeunna ku cara rampak gawé babarengan henteu pakia-kia jadi ciri yén masarakat Sunda masarakat nu soméah, silih asah, silih asih, silih asuh (Kurdi, 1995, kc. 21).

Ritual kaagamaan nu dilakukeun ku masarakat dumasar kapercayaan nu dianut ku masarakatna, kapercayaan saperti kieu ngadorong manusa pikeun ngalakukeun rupa-rupa kagiatan nu miboga tujuan pikeun néangan hubungan jeung dunya gaib nu ngawasa alam ngaliwatan ritual-ritual, saperti ritual kaagamaan (*religious*

ceremonies) sarta ritual-ritual adat séjénna nu dirasakeun ku masarakat dina waktu-waktu nu dianggap bisa ngadatangkeun bahaya gaib, kasangsaraan jeung panyakit ka manusa atawa pepelakan (Koentjaraningrat, 1985 kc. 243). Salian ti éta, fungsi sarta tujuannna ritual kaagamaan supaya hirup urang salamet salain ngalakukeun kawajiban anu dumasar kana agama nyaéta ogé pikeun ngalakukeun tali paranti atawa adat karuhun anu diwariskeun ku karuhun sangkan salamet rahayu hirup urang (Kurdi, 1995, kc. 14).

Kabudayaan raket patalina jeung kahirupan. Hartina, kahirupan moal leupas tina pangaruh lingkungan alam sabudeureunna. Kabudayaan bakal kapangaruhan ku sababaraha faktor di antarana sajarah ngadegna hiji désa katut kamekaranana, letak géografis, pakasaban, turta kaayaan lingkungan (Ekadjati, 2014 kc. 107). Alam bisa mangaruhan kana kapribadian masarakat, hal ieu katitén dina rupa-rupa ritualna di masarakat Sunda nu aya hubunganana jeung tatanén. Kahirupan masarakat Sunda nu réligius kagambar yén runtuyan kahirupanna teu leupas tina tradisi ritual sanajan kagiatanna ngagunakeun siloka tapi ngagambarkeun yén dirina mangrupa mahluk anu tanpa daya, sumerah pasrah ka nu Kawasa (Kurdi, 1995 kc. 30).

Ku mekarna téknologi jeung transformasi budaya bakal ngarubah tatanan budaya nu geus nyampak, warisan budaya jeung ajén-inajén tradisional masarakat nyanghareupan tantangan dina éksisténsina. Hal ieu geus sakuduna ditarékahan ku sabab budaya jeung ajén-inajén tradisional miboga kearifan lokal anu rélévan kana kahirupan jaman kiwari, jeung sakuduna diraksa tur diriksa, atawa dimekarkeun (Hamdani, 2017 kc. 3).

Ngésérna sawangan hirup, kamungkinan bisa ngarobah ajén-inajén kahirupan nu bener jadi teu bener atawa ogé sabalikna, diperlukeun cara supaya miboga sawangan hirup anu kuat. Ku sabab kitu, pendidikan karakter kudu dimimitian ku dikuatkeunna sawangan hirup, anu bisa digali tina ajén-inajén kearifan lokal. Jadi, kearifan lokal mangrupa karakter anu kasang tukangna miboga landasan gagasan atawa sawangan hirup anu asalna nyaéta budaya lokal. Budaya lokal éta diwariskeun sacara turun-tumurun anu disebutna tradisi.

Hirup kumbuh manusa teu lepas ti rupa-rupa ritual saperti: tradisi Sérén Taun, tradisi Wuku Taun, tradisi Babarit, tradisi Nadran, Pésta Laut, tradisi Panjang Jimat, tradisi Bubur Asyura, tradisi Ngarot, tradisi Ngunjung/Munjung, tradisi Kawalu, jeung tradisi Hajat Bumi. Tradisi nu aya di masarakat Sunda miboga ciri has sarta euyeub ku ajén-inajén nu luhung.

Salah sahiji upacara, anu geus ditataan di luhur nyaéta Tradisi Buku Taun. Tradisi Buku Taun téh jadi talari nu nepi ka danget ieu masih dilaksanakeun ku masarakatna. Upacara Buku Taun, mangrupa hiji ritual nu dilakukeun ku ayana pangaruh lingkungan alam pagunungan nu subur ngajadikeun tatanén hasilna mucekil. Ku lantaran kitu aya ritual Buku Taun mangrupa sukuran tina hasil tatanén sarta sarana pikeun mikahormat karuhun nu geus ngawaris pakaya (Wawancara Aki Endéy, 16 Désémber 2019). Ieu tradisi téh minangka ciri has Désa Borogojol Kecamatan Lemahsugih Kabupatén Majalénka anu euyeub ku ajén-inajén.

Sacara étimologis Buku Taun asalna tina dua kecap buku jeung taun. *Buku* nyaéta bagian antara dua ruas awi (LBSS, 2007 kc. 73), jeung *taun* nyaéta itungan waktu; sataun = 12 bulan = $\pm$ 360 poé (LBSS, 2007 kc. 476). Jadi Buku Taun miboga ma'na yén sataun di Borogojol ngalaman dua kali panén, jeung Buku Taun dilaksanakeun di tengah-tengah sabada panén jeung mimiti usum molah.

Tradisi Buku Taun mangrupa kagiatan anu sipatna sosio religius, minangka wujud ébréhan rasa sukur ka Pangéran tina hasil tatanén, sarta mangrupa tradisi pikeun mikahormat karuhun. Runtuyan kagiatan nu sakabéhna aya 29 tahapan dilaksanakeun salila dalapan poé aya opat tahapan nu mangrupak pokok kagiatan nyaéta 1) gobyagan, 2) ngabaliung, 3) uar, sarta 4) ngalaksa.

Gobyagan mangrupa kagiatan ngala lauk di balong babarengan, ciri baris dilaksanakeun Buku Taun. Satuluyna ngabaliung nyaéta kagiatan nyieun baliung mangrupa kadaharan nu dijieun tina paré huma. Uar nyaéta du'a ahir taun jeung du'a awal taun, ku sabab kagiatan Buku Taun dilaksanakeun di awal bulan Muharam, nu mangrupa taun baruna agama Islam. Puncakna ieu kagiatan téh nyaéta ngalaksa. Ngalaksa mangrupa kagiatan ngagencét baliung nu geus ditutuan deui jadi adonan nu disebut orok-orok, sabadana digencét orok-orok éta jadi laksa.

Rikeu Andriyanti, 2020

UPACARA BUKU TAUN DI DÉSA BOROGOJOL KECAMATAN LEMAHSUGIH KABUPATÉN MAJALENGKA (ULIKAN SÉMIOTIKA JEUNG ÉTNOPÉDAGOGIK)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Laksa bahan dasarna tina béas (paré) mangrupa kadaharan nu kalintang sakralna dina kagiatan Buku Taun, lantaran ari paré téh minangka jelmaan (personifikasi) Sri Pohaci.

Aya nu jadi ciri has tina tradisi Buku Taun nyaéta baliung, daun congkok, laksa, jeung lauk cai. Nyieun baliung wajib dibungkusna ku daun congkok, sabab daun congkok mangrupa daun nu dianggap sakral ku karuhun jeung supaya baliung bisa awét lila, dumasar hasil wawancara (Aki Endéy, 16 Désémber 2019) daun congkok mangrupa hiji daun nu ngandung zat alami pikeun ngawétkeun kadaharan. Lauk cai ogé wajib aya waktu acara puncak sabab lauk mangrupa kadaharan kasedep karuhun, diwadahan ka nu takir dihiijikeun jeung sangu. Salain ti éta, aya ogé lauk emas beureum meunang meuleum nu dihiijikeun jeung sasajén. Ku lantaran laksa mangrupa kadaharan nu paling sakral dina upacara Buku Taun, biasana jadi rebutan ku masarakat nu datang kana puncakna upacara Buku Taun. Kapercayaan nu tumuwuh pikeun para pelaku ritual jeung masarakat nu nyaksian lamun ngadahar laksa bakal pinanggih jeung kaberkahan hirup.

Tradisi Buku Taun mangrupa kagiatan rutin dilaksanakeun sataun sakali unggal awal bulan Muharam sabada panén kahiji. Tapi, ku mekarna jaman rasa antusias masarakat Désa Borogojol kana tradisi Buku Taun beuki ngurangan. Salian ti éta, kurangna perhatian kana tradisi ieu ti pihak pamaréntah.

Aya rasa kahariwang ti para sesepuh Désa Borogojol yén lila-lila mah kagiatan Buku Taun moal rutin dilaksanakeun, komo deui can aya pisan perhatian ti pamaréntah kana kagiatan ieu téh. Padahal, kagiatan ieu leubeut ku ajén-inajén tur gedé mangpaatna. Saperti ajén-inajén religius, ajén-inajén mikahormat karuhun, ajén-inajén silaturahmi, ajén-inajén silih mikahormat papada jalma, ajén-inajén tanggung jawab, ajén-inajén gotong royong, jeung sajabana.

Dipiharep ti sakumna warga katut pamaréntah ka hareupna kagiatan Buku Taun bisa terus maneuh dilaksanakeun. Sabab, ieu kagiatan téh bisa dijadikeun media pikeun numuwuhkeun rasa spiritualitas ka nu Kawasa. Sakabéh runtuyan kagiatan Buku Taun euyeub ku ajén-inajén kearifan lokal, mangrupa ajén-inajén nu hadé miboga sipat wijaksana tur bisa dijadikeun katuladanan. Ku kituna, panalungtik ngarasa kataji pikeun nalungtik tradisi Buku Taun.

Rikeu Andriyanti, 2020

UPACARA BUKU TAUN DI DÉSA BOROGOJOL KECAMATAN LEMAHUGIH KABUPATÉN MAJALENGKA (ULIKAN SÉMIOTIKA JEUNG ÉTNOPÉDAGOGIK)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Runtuyan kagiatan, palaku kagiatan, tempat kagiatan, properti kagiatan, ucapan, jeung kadaharan anu dijieun dina kagiatan Buku Taun mangrupa tanda, anu miboga ma'na lamun geus diinterpretasikeun. Pikeun ngaguar ma'na upacara tradisi diperlukeun rupa-rupa cara, loba jalma miboga tarékah pikeun ngahontal ma'na hiji tradisi, diantaranya ngagunakeun pamarekan sémiotika. Ku diungkapkeunna ma'na kagiatan upacara Buku Taun ngagunakeun pamarekan sémiotika, baris kaguar ajén-inajén kearifan lokalna saluyu jeung pamarekan étnopédagogik. Tina hasil panalungtikan Buku Taun ku kaguarna baris dijadikeun bahan pangajaran nyaéta pikeun bahan pangajaran artikel budaya Sunda di SMP kelas dalapan. Saluyu jeung kurikulum K13 révisi 2017 dipedar ngeunaan konsép artikel seni budaya Sunda jadi ambahan jeung mangrupa pangajaran pikeun ditepikeun ka murid. Ngaplikasikeun ngeunaan artikel seni Budaya Sunda jadi salah sahiji matéri ajar nu ditepikeun ka murid

Saméméhna geus aya anu medar ngeunaan objékna ngalaksa di Rancakalong dina disertasi di Universitas Pendidikan Indonésia nu judulna “Struktur dan Fungsi Upacara Ngalaksa di Kecamatan Rancakalong Kabupatén Sumedang Dalam Perspektif Pendidikan Karakter” ku Rétty Isnéndés; Tésis di Universitas Pendidikan Indonésia nu judulna “Pelestarian Nilai-Nilai Kearifan Lokal Upacara Adat Ngalaksa Dalam Upaya Membangun karakter Bangsa” ku Sri Ramdiani; Tésis di Universitas Islam Negeri Sunan Gunung Djati nu judulna “Tradisi Ngalaksa di Kecamatan Rancakalong Kabupatén Sumedang: Studi Tasawuf Falsafi” ku J. Islami; Skripsi Universitas Pendidikan Indonésia “Pewarisan Upacara Adat Ngalakasa Kepada Generasi Muda Masyarakat Kecamatan Rancakalong Kabupatén Sumedang” ku Nurul Yanti; Skripsi Universitas Islam Negeri Sunan Gunung Djati.” Ditilik tina hasil panalungtikan nu geus ditataan, panalungtikan nu baris diguar henteu sarua jeung anu geus aya. Ku sabab, runtuyan kagiatanna béda prosés. Ngalaksa di Borogojol aya dina runtuyan kagiatan Buku Taun. Ngalaksa di Rancakalong Sumedang teu ngalaksanakeun kagiatan Uar, sarta Buku Taun di Borogojol mah teu maké pintonan kasenian tarawangsa atawa kasenian anu lianna ritualna masih asli saluyu jeung konsép nu turun-tumurun ti karuhunna. Karasa khidmatna waktu puncakna kagiatan nyaéta

Rikeu Andriyanti, 2020

UPACARA BUKU TAUN DI DÉSA BOROGOJOL KECAMATAN LEMAHUGIH KABUPATÉN MAJALENGKA (ULIKAN SÉMIOTIKA JEUNG ÉTNOPIÉDAGOGIK)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

sawaktu tawasulan, yasinan sarta diteruskeun kana ngareunteut. Salian ti éta, nalika réngsé ngareunteut diteruskeun kana balakécrakan dahar babarengan. Hal ieu anu unik tina kagiatan Buku Taun. Ku kituna, panalungtik baris ngaguar unsur sémiotik jeung ajén-inajén kearifan lokal Upacara Buku Taun di Désa Borogojol Kecamatan Lemahsugih Kabupatén Majaléngka, maké ulikan sémiotik jeung étnopédagogik.

1.2 Rumusan Masalah

Rumusan masalah dina ieu panalungtikan ngawengku hal-hal anu ditataan di handap.

- Kumaha prosési Upacara Buku Taun di Désa Borogojol Kecamatan Lemahsugih Kabupatén Majaléngka?
- Unsur sémiotika naon waé anu aya dina Upacara Buku Taun Désa Borogojol Kecamatan Lemahsugih Kabupatén Majaléngka?
- Ajén-inajén naon baé nu nyampak dina upacara Upacara Buku Taun di Désa Borogojol Kecamatan Lemahsugih Kabupatén Majaléngka dipatalikeun jeung étnopédagogik?
- Naha Upacara Buku Taun di Désa Borogojol Kecamatan Lemahsugih Kabupatén Majaléngka bisa dipaké pikeun alternatif bahan pangajaran basa Sunda di SMP?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan panalungtikan ngawengku dua aspék nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum diayakeunna ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngadéskripsikeun runtuyan kagiatan Buku Taun sarta hasil kajian semiotika jeung étnopédagogi dina tradisi Buku Taun di Désa Borogojol Kecamatan Lemahsugih Kabupaten Majaléngka nu dipiharep bisa ngeuyeuban data budaya Sunda jeung bisa dilarapkeun dina dunya atikan nu basisna kearifan lokal.

Rikeu Andriyanti, 2020

UPACARA BUKU TAUN DI DÉSA BOROGOJOL KECAMATAN LEMAHSUGIH KABUPATÉN MAJALENGKA (ULIKAN SÉMIOTIKA JEUNG ÉTNOPÉDAGOGIK)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

1.3.2 Tujuan Khusus

Tujuan khusus tina panalungtikan ieu pikeun ngadéskripsikeun opat hal, nyaéta:

- a. Prosési upacara Buku Taun Désa Borogojol Kecamatan Lemahsugih Kabupatén Majalénka.
- b. Unsur sémiotika anu aya dina upacara Buku Taun Désa Borogojol Kecamatan Lemahsugih Kabupatén Majalénka.
- c. Ngadéskripsikeun ajén-inajén Upacara Buku Taun Désa Borogojol Kecamatan Lemahsugih-Majalénka dipatalikeun jeung étnopédagogik.
- d. Alternatif bahan ajar Upacara Buku Taun di Désa Borogojol Kecamatan Lemahsugih Kabupatén Majalénka dina pangajaran artikel kelas dalapan SMP.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis ieu panalungtikan élmu budaya nyaéta sangkan bisa méré pangaweruh ka masarakat ngeunaan kabudayaan, hususna upacara Buku Taun anu aya di Désa Borogojol Kecamatan Lemahsugih Kabupatén Majalénka.

1.4.2 Mangpaat Kawijakan

Ditilik tina mangpaat kawijakan dipiharep ieu kagiatan téh aya perhatian ti pamaréntah supaya ka hareupna bisa dijadikeun hiji kawijakan sangkan upacara Buku Taun terus dirumat, dijaga, tur diriksa pikeun nguatan akar budaya nasional nu mekar tina budaya-budaya daérah. Éta kawijakan téh dipiharep bisa dilaksanakeun kana bahan pangajaran di sakola.

1.4.3 Mangpaat Praktis

- a. Pikeun panalungtik bisa nambahan pangaweruh ngeunaan budaya Sunda, nambahan pangaweruh ngeunaan ajén-inajén dina hiji tradisi, tur miboga karep pikeun ngariksa budaya anu aya di sabudeureunana.

- b. Pikeun masarakat hususna masarakat di Majaléngka, bisa numuwuhkeun rasa kareueus kana budaya Sunda, tur satuluyna miboga karep pikeun ngamumulé jeung ngariksa budaya anu aya di sabudeureunna.
- c. Pikeun guru bisa nambahan pangaweruh dina mekarkeun bahan pangajaran.
- d. Pikeun murid bisa numuwuhkeun rasa kareueus kana budaya Sunda, tur bisa nambahan pangaweruh ngeunaan budaya atawa tradisi.
- e. Mangpaat isu jeung aksi sosial, nyaéta yén ieu panalungtikan bisa dijadikeun hiji tarékah supaya dijadikeun hiji kawijakan ku pamaréntah supaya lumangsungna upacara Buku Taun ieu bisa maneuh dilaksanakeun unggal taun.

1.4.4 Mangpaat Isu Sosial

Ditilik tina mangpaat isu jeung aksi sosial, ieu panalungtikan dipiharep bisa numuwuhkeun rasa kasadaran ka masarakat sangkan leuwih ngaraksa jeung ngariksa upacara Buku Taun ka generasi saterusna.

1.5 Raraga Tulisan

Raraga tulisan dina ieu tésis aya lima bab, nyaéta Bab 1, Bab II, Bab III, Bab IV, jeung Bab V.

BAB I bubuka, eusina nyaéta: kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah panalungtikan, tujuan panalungtikan, mangpaat pananglutikan, jeung raraga tulisan.

BAB II Ulikan tiori, (1) eusinya nyaéta: ulikan pustaka anu medar tiori-tiori ngeunaan sémiotika dina tradisi Buku Taun, étnopédagogi, jeung model ajar budaya Sunda, 2) raraga mikir 3) asumsi dasar.

BAB III métode panalungtikan, eusina nyaéta (1) métode panalungtikan, (2) desain panalungtikan, (3) téhnik panalungtikan, (4) sumber data panalungtikan, (5) instrumén ngumpulkeun data, (6) téhnik ngolah data.

BAB IV hasil panalungtikan jeung pedaran, eusina nyaéta (1) janggélék runtuyan kagiatan upacara Buku Taun, (2) unsur sémiotik dina tradisi Buku Taun,

(3) ajén étnopédagogi dina tradisi Buku Taun, (4) alternatip bahan ajar pikeun materi budaya Sunda di SMP kelas dalapan.

BAB V Kacindekan jeung rékoméndasi, anu eusina kacindekan tina naon anu geus dipedar dina bab 1 tepi ka bab IV, jeung rékoméndasi pikeun panalungtikan saterusna, sarta pamaréntahan satempat.